# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ राष्ट्रीय पुस्तक न्यास की ओरि से आजु लखनऊ में आयोजित गोमती पुस्तक महोत्सव दुइ हजार चउबीस के उद्घाटन समारोह में हिस्सा लिहलें। एकरे बाद एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि गोमती नदी के किनारे ई पुस्तक मेला क आयोजन अभिनव प्रयास हौ। उहां के आकांक्षा हाट के सुभारम्भो में सामिल भइलीं। येह मौका पर उहां के प्रदेस क पहिला डबल डेकर ईवी बस के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलीं।

**********

देवाली अउर छठ मना के अपने गंतव्य पर लवटे वालन क सुविधा खातिर रेलवे आजु एक सौ सत्तर बिसेस रेलगाड़ चला रहल हौ। पूर्वोत्तर रेलवे क मुख्य जन सम्पर्क अधिकारी पंकज कुमार सिंह बतवलें कि आजु चलावल जा रहल बिसेस रेलगाड़ियन में से चउदह पूर्वोत्तर रेलवे के स्टेसनन से हो के गुजरि रहलि हइनि।

**********

प्रदेस में पछिला चउबीस घंटा में अलगि–अलगि सड़कि हादसा में इग्यारह जने क मउति हो गइल आ कई अउरियो घाही हो गइलें। फिरोजाबाद जिला में आगरा–लखनऊ एक्सप्रेस–वे पर नसीरपुर थान्हा इलाका में एगो बस के खड़ा गाड़ी से टकरा गइले से पांच लोगिन क मउति हो गइल आ कई जने घाही हो गइलें। ओहां क पुलिस अधीक्षक ग्रामीण अखिलेश भदौरिया के मोताबिक ई बस मथुरा से लखनऊ जात रहे। लखनऊ जिला के काकोरी थान्हा इलाका में येही एक्सप्रेस–वे पर काल्हि राति कार अउर ट्रेलर के टक्कर में कार सवार तीनि जने क मउति हो गइल आ दुइ जने घाही हो गइलें। ओहीं मिर्जापुर जिला में मड़िहान थान्हा इलाका के मिर्जापुर–सोनभद्र राहि पर ददरा पहाड़ी के लग्गे एगो मोटरसाइकिलि अउर ट्रेक्टर के टक्कर में मोटरसाइकिलि सवार क मउति हो गइल जबकि ओकर दुइ गो साथी घाही हो गइलें। जालौन जिला में देर राति छिरिया राहि पर मवेसी से टकरा के एगो मोटरसाइकिलि सवार क मउति हो गइल आ ओकर एगो साथी घाही हो गइल। कानपुर जिला के बिल्हौर थान्हा इलाका में लालपुर गांव के लग्गे आजु भिन्नहीं डम्पर से भइल टक्कर में एगो मोटरसाइकिलि सवार क मउति हो गइल।

**********

अजोध्या में श्रीराम मंदिर सितम्बर दुइ हजार पचीस ले पूरा बनि जाई। राम मंदिर परिसर में बनि रहल सप्त मंदिर अउर शेषावतार मंदिर के निरमाण क समीक्षा के बाद ई जनकारी निर्माण समिति क चेयरमैन नृपेन्द्र मिश्रा दिहलें। उहां के बतवलीं कि परिसर में सभागार, बिसराम गृह अउर ट्रस्ट क प्रसासनिक दफ्तर क निरमाण बीस नवम्बर से सुरू हो जाई।

**********

अजोध्या में मसहूर कातिक क पुन्नवासी मेला क पहिला फेरा अउर चउदह कोसी पैकरमा आजु सुरू हो गइल। ई बिहने संझा ले चली। येह मौका पर सरधालु लोगि सरजू में स्नान के बाद श्रीराम जनमभूमि मंदिर, कनक भवन अउर हनुमानगढ़ी के सथहीं अउरियो मंदिर में दरसन–पूजन कइ रहल हवें। नागेस्वरनाथ महादेव क अभिसेक करे बदे दिन भर सरधालुअन क तांता लागल रहल। श्रीरामलला के प्राण प्रतिस्ठा के बाद पहिला कातिक पुन्नवासी मेला के ले के सरधालुअन में खास उछाह हौ। प्रसासन सुरक्षा क खास इंतिजाम कइले हौ।

**********

प्रदेस में गोपाष्टमी क तिउहार आजु हर्सोल्लास के साथे परम्परागत तरीका से मनावल जा रहल हौ। मथुरा जिला मे एके ले के बिसेस उछाह हौ। ओहवां गाइ के गुड़, चना, केरा अउर रोटी खिया के पूजन कइल गइल। प्रदेस क कैबिनेट मंत्री चौधरी लक्ष्मीनारायणो अपने घर के गउसाला में गाइनि क पूजन कइलें अउर कहलें कि ई दिन सनातनियन बदे खास हौ। अजुये के दिन्ने भगवान कृष्ण अउर बलराम के पहिली बेरि गाइ चरावे बदे माई यशोदा भेजरे रहलिनि। गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर, गीता वाटिका अउर तारामण्डल के लग्गे गोपाष्ठमी पर गो–पूजन कइल गइल।

**********

बनारस के अस्सी घाट पर काशी गंगा महोत्सव क आयोजन बारह नवम्बर से कइल जाई। पनरह नवम्बर के कातिक पुन्नवासी पर देव देवाली क भव्य आयोजन सज्जो घाट पर होई। बनारस क डीएम एस. राजलिंगम बतवलें कि महोत्सव में सांस्कृतिक कार्यक्रम बदे पैंतीस से बेसी मसहूर अउर स्थानीय कलाकार आपन प्रस्तुति दीहें। ओहीं पनरह नवम्बर से देव देवाली में काशी क सज्जो घाट, तलाब, कुण्ड आ वरूणा नदी के किनारे सतरह लाख दीया बारल जाई।

**********

प्रदेस के कई जिलन में आजु विधिक सेवा दिवस मनावल गइल। एहमें विधिक जागरूकता अउर साक्षरता सिविर आयोजित कइल गइल। मऊ जिला में आशा, आंगनवाड़ी आ प्राविधिक स्वयंसेवकन की ओरि से पम्पलेट बांटि के लोगिन के उनकर विधिक अधिकार के बारे के जागरूक कइल गइल।

**********